**दिन–बुधवार** **दिनांक–17.07.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सोशल मीडियाक एक पोस्ट मे जनौलनि जे मेक इन इंडिया के माध्यमे भारतक अर्थव्यवस्था वैश्विक मंच पर आगां बढ़ि रहल अछि। सोशल मीडिया पर साझा पोस्ट मे मेक इन इंडियाक झलक देखबैत जनाओल गेल अछि जे भारतीय साइकिलक विश्वभरि मे मांग भऽ रहल अछि। ब्रिटेन, जर्मनी आ नीदरलैंड मे निर्यात बढ़ल अछि। ई वृद्धि अंतर्राष्ट्रीय बाजार मे भारतक बढ़ैत प्रभाव के उजागर करैत अछि। पोस्टक अनुसार बिहार मे बनल जूताक प्रयोग आब रूसी सेना कऽ रहल अछि। एतबे नहि जेना–जेना किक्रेट विश्वकप नजदीक आयल कश्मीर मे बनल बल्लाक भारी मांग होबऽ लागल। ई बल्ला सभ भारतक उत्कृष्ट शिल्प कौशल आ अंतर्राष्ट्रीय किक्रेट परिदृश्य पर महत्वपूर्ण प्रभावक उदाहरण प्रस्तुत करैत अछि।

---

बिहार विधानमंडलक मॉनसून सत्र बाईस जुलाई सँ आरम्भ होयत। सत्र छब्बीस जुलाई धरि चलत। एहि दरमियान दुनू सदन मे पाँच–पाँच बैसक होयत। सत्रक पहिल दिन राज्यपालक दिस सँ स्वीकृत अध्यादेशक प्रति के सदनक पटल पर रखबाक संगहि दू हजार चौबीस–पच्चीसक पहिल अनुपूरक बजट प्रस्तुत कएल जाएत।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मेट्रो रेल परियोजनाक कार्य प्रगतिक जायजा लेलनि। श्री कुमार राजेन्द्र नगर, मलाही पकड़ी, खेमनीचक, पहाड़ी, जीरो माइल आ आईएसबीटीक निर्माणाधीन मेट्रो स्टेशनक निरीक्षण कयलनि। एहि दरमियान ओ अधिकारी सभ के निर्माण कार्य मे शीघ्रता अनबाक निर्देश देलनि। श्री कुमार बिहार संग्रहालय आ पटना संग्रहालय के जोड़एवला सुरंगक निर्माणाधीन काजक सेहो निरीक्षण कयलनि।

———————————————————————

प्रदेशक सभ रेलवे स्टेशन पर आब प्लेटफॉर्म टिकट दस टाकाक स्थान पर नओ टाका मे भेटत। राज्य सरकार प्लेटफॉर्म टिकट पर राज्यक स्तर सँ लगयवला जीएसटी कैँ हटा लेलक अछि। प्लेटफॉर्म टिकट के अतिरिक्त रेलवेक कतेको आन सेवा—डॉरमेट्री, वेटिंगरूम, आ क्लॉकरूम के सेहो जीएसटी सँ मुक्त कयल गेल अछि। एकर अतिरिक्त बैट्रीचालित वाहन सभ सँ सेहो जीएसटी हटा देल गेल। संगहि, हॉस्टल सेवा सभ पर बीस हजार टाका प्रति व्यक्ति, प्रति माह धरिक राशि पर जीएसटीक छूट देल गेल। राज्यक वाणिज्यकर विभाग एहि संबंध मे अधिसूचना जारी कऽ देलक अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे मॉनसूनक सक्रियताक मे कमी आयल अछि। मौसम विभागक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक दक्षिण—मध्य आ प्रदेशक शेष भाग मे एक दू ठाम हल्का सँ मध्यम स्तरक वर्षा भेल अछि। मौसम पूर्वानुमानक अनुसार प्रदेशक उत्तर—पूर्वक जिला सुपौल, अररिया, किशनगंज, बांका, जमूई आ कटिहार सहित दक्षिण क्षेत्रक लऽग पासक क्षेत्र मे हल्का सँ मध्यम वर्षाक संग वज्रपातक संभावना अछि।

———————————————————————

प्रदेश सँ भऽकऽ गुजरयवाली अधिकांश नदी सभक जलस्तर मे उतार—चढ़ाव जारी अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गंडक नदीक जलस्तर गोपालगंजक डुमरिया घाट मे खतराक निशान सँ अंठावन सेंटीमीटर ऊपर अछि। ओतहि, बागमती नदी मुजफ्फरपुरक बेनीबाद मे लाल निशान सँ बारह सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि। परमान नदी अररिया मे खतराक निशान सँ छप्पन सेंटीमीटर ऊपर अछि।

———————————————————————

आइ मुहर्रमक दसवीं तारीख यानी यौम—ए—आशुरा अछि। ई दिवस पैगम्बर मोहम्मद कैँ नाति ईमाम हुसैन आ हुनक संगी—साथी सभक बलिदानक याद मे मनाओल जाइत अछि। प्रदेश मे एहि अवसर पर ताजिया आ मातमी जुलूस निकालल जा रहल अछि। संगहि, धार्मिक

बैसक आ मजलिस सेहो आयोजित कयल जा रहल अछि। राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार प्रदेशवासी सभ सँ मुहर्रम के पारम्परिक सदभावक संग मनेबाक अपील कयलनि। राज्यपाल अपन संदेश मे कहलनि जे मुहर्रम हमरा सभ के सत्य आ न्यायक मार्ग पर चलैत जीवनक उच्च आदर्श आ मूल्यक रक्षा करबाक प्रेरणा दैत अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कर्बलाक शहीद सभ आ हजरत ईमाम हुसैनक कुर्बानी के नमन करैत हुनका श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। एम्हर, मुहर्रम के लऽकऽ प्रदेशभरि मे सुरक्षा व्यवस्था कड़गर कऽ देल गेल अछि।

---

बेगूसराय जिलाक छौराही थाना क्षेत्र अंतर्गत नारायण पीपर गाम सँ पुलिस दू अपराधी के एक पिस्टल, दू कारतूस आ एक मोटरसाईकिलक संग गिरफ्तार कयलक अछि। ओतहि, जिलाक मुफस्सिल थाना क्षेत्रक राजौरा गाम मे एक बिजली मिस्त्रीक करंट लगबा सँ मृत्यु भऽ गेल।

---

समाप्त